

AVI ANYÈL POU LOKATÈ YO POU ENSPEKSYON RADYATÈ VAPÈ YO ANKÈT KONSÈNAN TIMOUN

Lwa Lokal 151 Vil New York pou ane 2025 egzije pou pwopriyetè yo enspekte radyatè vapè yo, yon echanjè chalè ki se yon eleman nan yon sistèm chofaj santral ki itilize chalè vapè pou bay chanm yo chalè, omwen yon fwa chak de (2) zan nan inite lojman ak zòn komen nan bilding ki gen plizyè lojman kote gen omwen yon radyatè vapè epi gen omwen yon inite kote yon timoun ki gen mwens pase sizan ap viv*. **Lokatè k ap viv nan lokal la oblije ranpli fòm sa a epi retounen l bay mèt kay yo anvan 15 fevriye, chak ane**.** Lalwa egzije pou w enfòmè pwopriyetè a alekri si yon timoun ki gen mwens pase sizan ap viv kounye a oswa vin viv nan lojman w oswa inite lojman w (lojman/inite) nenpòt ki lè pandan ane a. Ou ta dwe enfòmè pwopriyetè a imedyatman tou si w remake nenpòt pwoblèm vizib nan radyatè vapè ki nan lojman/inite a oswa nan yon zòn komen pandan ane a

LI ENPÒTAN POU W RETOUNEN FÒM SA A BAY PWOPRIYETÈ A OSWA AJAN JESTYON BILDING OU A POU PWOTEJE SANTE TIMOUN OU***.

ADRÈS: _____	NIMEWO APATMAN: _____
TCHEKE YOUN: <input type="checkbox"/> Yon timoun ki gen mwens pase sizan ap viv nan lojman an oswa inite lojman an <input type="checkbox"/> Yon timoun ki gen mwens pase sizan pa ap viv nan lojman an oswa inite lojman an	
_____ (Siyati okipan an) _____ (Dat)	
Ekri non okipan an an lèt detache _____	
RETOUNEN FÒM SA A BAY:	
Non reprezantan pwopriyetè a: _____	
Adrès: _____	
OKIPAN: KENBE YON KOPI POU DOSYE W	

Ou ka mande pwopriyetè a pou l ba w yon kopi nenpòt dosye ki dwe konsève kòm rezilta yon enspeksyon vizyèl nan kay/apatman w lan ki gen rapò ak radyatè a. Ranpli fòm sa a epi retounen l bay pwopriyetè a oswa reprezantan l lan anvan 15 fevriye. Kenbe yon kopi fòm sa a pou dosye w.

* "Rete" vle di pase regilyèman 10 èdtan oswa plis pa semèn nan yon apatman.

**Dapre lalwa, pwopriyetè yo oblije bay lokatè yo Avi Anyèl pou Enspeksyon Radyatè a Vapè – Ankèt Konsènan Yon Timoun, sepandan, si yon lokatè deja bay enfòmasyon konsènan ankèt sou yon timoun lè l sèvi avèk Avi Anyèl pou Prevansyon Danje Penti ki Gen Plon – Ankèt Konsènan yon Timoun, lè sa a yo pa oblije soumèt enfòmasyon sa a yon dezyèm fwa lè l sèvi avèk Avi Anyèl pou Enspeksyon Radyatè a Vapè.

***Pou chak apatman kote yon pwopriyetè pa resevwa yon repons alekri oswa vèbal nan men okipan an anvan 15 fevriye epi li pa gen okenn lòt konesans sou yon timoun ki gen mwens pase sizan k ap viv la, lè sa a pwopriyetè a oblije avèti Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) pa pita pase 1ye mas nan ane sa a.